



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE PWEN ESANSYÈL ASISTANS TAKS GRATIS AK KONSÈY KÒM DELÈ 15 AVRIL LA AP APWOCHE

Nouvo dediksyon pu ede fanmi de polisye NYPD ki te mouri yo

Asistans taks gratis disponib e yo ogmante èdtan pou ede Nouyòkè yo ranpli taks yo

Plis pase 2.5 milyon Nouyòkè espere ranpli taks yo pandan dènye semèn nan sezon taks la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te fè Nouyòkè yo sonje, avèk mwens pase yon semèn ki rete pou delè taks la rive, nan nouvo dediksyon yo, konsèy ak resous gratis disponib pou rann li pi fasil pou moun ak fanmi yo ranpli taks.

“Kòm plis pase 2.5 milyon Nouyòkè prepare pou ranpli taks yo anvan delè semèn pwochen an, gen plis resous pase anvan pou rann pwosesis la osi fasil ak dirèk ke posib,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou pran avantaj asistans taks gratis la— enkli klinik lokal oswa konsèy sou entènèt— pou soumèt deklarasyon taks ansekirite e avèk presizyon ane sa a.”

Elaji dediksyon pou charite ane sa pou ofisye lapolis ki te mouri yo

Gouvènè Cuomo te alète Nouyòkè yo sou yon nouvo opòtinite pou ede fanmi de polisye ki te mouri yo pandan lap ogmante dediksyon charite pou 2014. Lejislasyon Federal - Lwa pou sipòte fanmi ofisye yo te asasinen yo – pa twò lontan de sa Prezidan Barack Obama te siyen an lwa pou elaji peryòd spesifik dediksyon taks jiska 15 avril 2015. Kontribyab yo ka reklame dediksyon taks 2014 yo pou donasyon charite ki sipòte fanmi detektif depatman lapolis New York Wenjian Liu ak Rafael Ramos, yo te touye toulède pandan yo te nan travay nan desanm 2014.

Asistans taks gratis

Endividyèl ak fanmi yo ki touche \$60,000 oswa mwens ka ranpli deklarasyon taks eta ak federal yo sou entènèt epi gratis nan nenpòt 80 sit asistans taks depatman nan tout eta. Espesyalis nan depatman taks yo sou plas pou ede kontribyab yo atravè pwosesis

la. Pou jwenn yon sit ki toupre ou, vizite tax.ny.gov/fsa.

Nouyòkè yo ki gen aksè avèk yon òdinatè e ki konfòtab pou antre enfòmasyon taks yo pou kont yo gen plizyè chwa pou ranpli taks yo nan www.tax.ny.gov. Kontribyab yo ki gen revni \$60,000 oswa mwens ka ranpli taks eta ak federal yo elektwonikman gratis lè yo itilize lojisyeèl komèsyal ki fasil pou itilize. Lojisyeèl la asire ke yo pa neglije kredi taks presye yo. Deklarasyon Taks sou Entènèt disponib tou nan Depatman Taks la san pwovizyon revni pou kontribyab yo ki sèlman bezwen ranpli yon deklarasyon taks oswa ki te deja ranpli deklarasyon taks federal yo. Pou sèvis-yonsèl-arè oswa plis enfòmasyon sou e-filing, vizite <https://www.ny.gov/services/file-your-new-york-state-income-tax-return>.

“Si ou gen aksè a yon òdinatè oswa yon sit asistans taks gratis, ou ta dwe rejwenn vas majorite Nouyòkè yo ki te ranpli taks yo elektwonikman,” te deklare Komisyonè pa entèrim Taks ak Finans Kenneth Adams. “Lè ou ranpli taks ou sou entènèt, ou ka resevwa ranbousman ou de fwa pi rapid, e ou gen 20 fwa mwens chans pou fè yon erè.”

Konsèy pou moun kap ranpli taks nan dènye moman

Pou asire ke Nouyòkè yo pa manke nan ranbousman maksimòm yo kòm sezon taks la ap fini, Gouvènè Cuomo te ankouraje kontribyab ki gen revni mwayen ak fèb yo pou re-verifye kalifikasyon yo pou Kredi Taks Revni ke yo touche [Earned Income Tax Credit (EITC)] ak lòt kredi ki enpòtan. Kontribyab New York yo ki gen revni anba \$52,427 ak twa oswa plis timoun ka kalifye pou maksimòm EITC ki vo jiska \$8,293. Ou dwe tcheke pou kredi adisyonèl enkli kredi pou swen timoun ak depandan, Kredi timoun Empire State ak kredi pou peye ekolaj nan kolèj.

Kontribyab yo ka resevwa ranbousman yo jiska yon semèn pi rapid lè yo depoze lajan yo dirèkteman nan kont labank yo. Kontribyab yo ki pa gen kont labank ka jwenn lajan yo sou kat debi yo.

Pou verifye estati ranbousman yo, Nouyòkè yo ka ekonomize tan lè yo vizite www.tax.ny.gov. Kontribyab yo ka jwenn enfòmasyon sa sou inbox yo lè yo enskri pou [email alerts](#).

Pou ede kontribyab yo ki gen kesyon osijè deklarasyon yo, sant apèl Depatman Taks (518-457-5181) gen èdtan ki pwolonje jiska 15 avril. Reprezantan yo disponib de 8:30 am a 7:30 pm lendi jiska vandredi, de 8:30 am a 3:00 pm nan samdi.

“Si ou pa kapab ranpli taks ou nan delè a, evite penalite lè ou soumèt yon [ekstansyon sou entènèt](#) nan sitwèb nou an,” te ajoute Komisyonè pa entèrim Adams. “Sonje byen nan tèt ou si ou pa ranpli taks ou nan ekstansyon 15 avril la, wap toujou gen pou peye montan estime taks ou dwe a.”

Evite vòl idantite

Patikilyèman kouran nan sezon taks la, Gouvènè Cuomo te avèti kontribyab yo sou demann atis twonpè yo kap pase pou ajan IRS. Kriminèl yo itilize tan sa pandan ane a pou atake kontribyab yo avèk apèl telefòn ki menase ak imèl “eskwokri”. Yo avèti Nouyòkè yo pou bay enfòmasyon pèsònèl yo – enkli nimewo sekirite sosyal, enfòmasyon kont labank ak nimewo kat kredi– lè yo reyèlman fè òganizasyon kap resevwa a konfyans. Depatman Taks NYS ak IRS pral toujou voye lèt bay kontribyab yo anvan li kontakte yo atravè telefòn oswa imèl.

Moun ki panse ke yo te ka viktim oswa yo pèdi idantite yo ta dwe vizite [Tax Department's identity theft webpage](#) oswa rele 518-457-5181.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418